



Moun Ki Gen Grinkat yo Gen Dwa!

Yo Fè Fas Tou ak Nouvo Risk

Mesaj Enpòtan pou Kominote a! Si ou se yon moun ki gen grinkat (rezidan pèmanan legal) ou ka gen risk pou yo mete w nan detansyon oswa pou yo depòte w. Administrasyon Trump lan te [avèti](#) ke y ap tcheke dosye kriminel **tout** moun ki gen grinkat ak kont medya sosyal yo pou yo wè si gen aktivite politik endezirab, epi yo te sible kèk moun ki gen grinkat, pou mete yo nan detansyon ak pou depòte yo.

Remak: Gid sa a bay enfòmasyon jeneral. Li pa yon konsèy legal ki espesifik pou sitiyasyon w.

Pwoteje Tèt Ou Kounye a!

Li Gid sa a pou konnen:

- kisa lalwa aktyèl la di,
- dwa legal ou yo, epi
- kijan pou w gen mwens risk ak pou w fè yon plan sekirite.

Ki moun ki gen risk pou yo depòte yo nan moman?

Nan moman la, ou ka an danje si ou gen yon grinkat ak si ou:

- Gen yon ansyen **kondanasyon pou zak kriminel**, menm pou yon ti bagay tankou marigwana.
- Te **eksprime lide** w oswa ou te patisipe nan manifestasyon ke administrasyon Trump lan pa renmen. Administrasyon Trump lan te deklare ke aksyon ak lide sa yo se yon menas pou sekirite nasyonal.
- Pase **plis pase 180 jou (youn dèyè lòt)** andeyò Etazini.

Si ou nan youn nan twa kategori sa yo, ou ta ka gen plis risk pou yo mete w nan detansyon si ou:

- Aplike pou sitwayènte Ameriken (natiralizasyon).
- Vwayaje. Sa gen ladan l:
 - vwayaje andedan Etazini, sitou si w ap pran avyon
 - vwayaje andeyò teritwa kontinantal Etazini yo, tankou Awayi oswa Pòtoriko,
 - vwayaje nan lòt peyi, ak
 - travèse pòs kontwòl imigrasyon yo.

Ki kondanasyon pou zak kriminel ki mete moun ki gen grinkat yo an danje?

ICE ka mete moun ki gen grinkat yo nan detansyon oswa eseye depòte yo pou yon kondanasyon ki gen rapò ak:

- Dwòg, tankou marigwana (menm si li legal nan eta ou ye a)
- Zam
- Vyolans domestik, abi sou timoun, oswa yon vyolasyon lòd pwoteksyon
- "Konpòtman imoral," tankou vòl, vòl nan magazen, agresyon ak entansyon pou blese moun, oswa fwod (2 enfrazyon si se yon krim minè, oswa 1 enfrazyon si krim nan pi grav)
- Nenpòt "krim grav," sitou kondanasyon ki lakoz yon santans (oswa yon pèn ak sispanasyon) ki 1 ane oswa plis
- Nenpòt fo deklarasyon pou sitwayènte Ameriken, tankou lè w ap aplike pou yon lisans chofè



Kisa yon kondanasyon ye?

Nan tribinal kriminèl, gen kèk enfraksyon ke yo pa konsidere ankò kòm "kondanasyon" si yo anile yo oswa yo retire yo apre yon pwogram reyafektasyon jiridik. Men, sistèm imigrasyon an toujou konsidere kèk nan enfraksyon sa yo kòm kondanasyon.

E si mwen gen yon sèl kondanasyon pou marigwana?

Si ou **Ozetazini** epi pa gen okenn lòt krim nan dosye w, yo **pa ka** depòte w poutèt 1 sèl kondanasyon pou posèsyon yon ti kantite marigwana. Men, si w ap *retounen* Ozetazini, yo **ka** mete w nan detansyon epi depòte w si w gen yon chaj minè pou posèsyon marigwana, oswa si w admèt ou genyen oswa ou konsome marigwana oswa si ou te konn abitye fè sa anvan.

E konsènan aktivite politik yo?

Menm si ou gen yon grinkat, ICE ka kenbe w nan detansyon epi eseye depòte w lè li di ou se yon danje pou sekirite nasyon Etazini oswa ke ou patisipe nan "aktivite teworis." Pa egzanp, yo te eseye depòte aktivis Mahmoud Khalil poutèt li sipòte dwa moun Palestinyen yo aktivman.

Yo ka pretann —**menm san prèv**— ke:

- Ou gen lyen ak yon gang oswa yon òganizasyon kriminèl ke yo konsidere kòm yon "òganizasyon teworis etranje," tankou gang Ayisyen yo rele Viv Ansanm ak Gran Grif yo oswa yon òganizasyon kriminèl nan Amerik Latin nan, tankou Tren de Aragua oswa MS-13; oswa
- Ou te bay manti sou koneksyon kriminèl ou genyen yo nan aplikasyon grinkat ou a.

E si mwen pase "twòp" tan andeyò Etazini?

- Ou ka pèdi grinkat ou si ou pase plis pase 6 mwa youn dèyè lòt andeyò Etazini. Yo ka kenbe w epi poze w kesyon nan ayewopò a.
- Ou ka pèdi grinkat ou si ou pase plis pase 1 ane (san rate yon jou) andeyò Etazini.

Èske mwen ka vwayaje andeyò Etazini ak yon grinkat?

Vwayaj entènasyonal ka yon risk, sitou si w nan youn nan twa kategori risk ki endike anwo a. Lè w ap retounen pa avyon oswa lè w ap travèse fwontyè a, CBP (Sèvis Ranfòsman Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè) ka voye w nan "enspeksyon segondè." Yo ka poze w kesyon la a, e yo ka eseye mete w nan detansyon e yo ka eseye depòte w.

Menm si ou gen grinkat ou, nan kèk sikonstans CBP di yo gen dwa kenbe w nan detansyon epi depòte w paske w ap "chèche antre Ozetazini."

Ou gen plis risk si:

- Ou te andeyò Etazini pandan plis pase 180 jou youn dèyè lòt
- Yo kwè ou "te angaje w nan aktivite ilegal" apre ou fin kite Etazini
- Ou te gen yon dosye ki ankou nan tribinal imigrasyon lè ou te kite Etazini

- Ou te komèt yon krim, tankou *nenpòt* enfraksyon ki gen rapò ak dwòg (pa gen okenn eksepsyon pou marigwana), vòl, fwod, agresyon, pwostitisyon, oswa lòt ofans ki enplike konpòtman malonèt oswa imoral.

CBP ka kenbe w tou nan ayewopò a epi fè presyon sou ou pou w siyen Fòm I-407. Lè ou siyen Fòm sa a, sa vle di ou "abandone" oswa ou renonse ak estati rezidan pèmanan legal ou. CBP ka di w ke si ou siyen fòm sa a, l ap fè w soti nan detansyon. Men, an reyalyte, li vle di w ap pèdi estati grinkat ou a. Si sa rive w, ou pa oblije siyen dokiman sa a. Se dwa w pou w defann grinkat ou a devan yon jij imigrasyon.

E si grinkat mwen an "tanporè?"

Si ou te marye depi mwens pase 2 zan lè ou te resevwa grinkat ou a atravè mari/madanm ou ki se sitwayen ameriken, ou ka toujou gen yon grinkat "tanporè." Grinkat tanporè w la valab pou 2 zan, men ou dwe aplike pou li vin yon grinkat "pèmanan." Peryòd aplikasyon an kòmanse 90 jou anvan li ekspire.

Moun ki gen grinkat tanporè yo gen menm dwa epi yo fè fas a menm risk ak lòt moun ki gen grinkat yo. Men, yo ka depòte ou pi vit. Fè plis atansyon lè w ap chèche konprann dwa ak risk ou genyen yo.

Kreye yon plan sekirite kounye a!	
	Pale ak yon avoka imigrasyon KOUNYE A. Si ou gen yon dosye kriminel, pale ak yon avoka imigrasyon ki gen ekspètiz nan lwa kriminel. Mande enfòmasyon sou risk ou genyen yo, opsyon, ak dwa legal ou yo. Mande si ou ta kalifye pou liberasyon sou kosyon si yo te mete w nan detansyon.
	Si yo mete w nan detansyon, ou dwe sonje nimewo telefòn moun ou ka bezwen rele yo, tankou yon fanmi, yon zanmi ou fè konfyans, oswa yon avoka. Asire w ke yo gen nimewo anrejistreman w kòm Etranje (A-number) – li sou grinkat ou a. Kreye yon plan bakòp sou fason pou pran swen fanmi w si yo mete w nan detansyon.
	Kenbe papye enpòtan ou yo , tankou batistè ak papye imigrasyon yo yon kote ki an sekirite. Di yon fanmi oswa yon zanmi kote ou mete papye sa yo pou yo ka jwenn yo si sa nesèsè.
	Di fanmi w ke yo ka itilize lyen sa a pou yo jwenn ou si yo mete w nan detansyon: ICE: locator.ice.gov/odls/#/search

Konnen dwa w!

Si ou gen yon grinkat, ou gen dwa konstitisyonèl, tankou dwa pou libète lapawòl, pwosesis ekitab, ak pwoteksyon egal.



Si w nan ayewopò a, se dwa w pou w:

- **pa** reponn okenn kesyon sou kwayans politik oswa relijye ou, oswa konpòtman oswa aktivite pase ou yo.
- **pa** siyen okenn dokiman. *Pa* siyen anyen ki fè w renonse a estati rezidan pèmanan legal ou.

Ou ka mande pou w pale ak yon avoka, men gouvènman an pa *oblige* pèmèt sa. Men, si y ap eseye depòte w, se dwa ou pou w wè yon jij imigrasyon. Li plis sou dwa ou genyen nan ayewopò a [isit la](#).

Si w nan detansyon ICE epi w pa nan "detansyon obligatwa," ou kalifye pou yo lage w "sou kosyon." ICE ta dwe di w si w kalifye pou liberasyon sou kosyon nan 48 èdtan apre arestasyon w.

Si ICE di ou pa ka lage sou kosyon, oswa li fikse yon kosyon ki wo, ou ka mande yon jij imigrasyon pou yon odyans pou detèmine montan kosyon an.

Si gouvènman an louvri yon dosye depòtasyon, se dwa w pou w gen yon odyans ak yon jij imigrasyon. Ou gen dwa sa a kèlkeswa kote ou ye – ayewopò a, fwontyè a, oswa andedan Etazini.

Jij imigrasyon an pral konsidere prèv gouvènman prezante a ansanm ak sa ou prezante a. Pou li kontinye avèk ka li genyen kont oumenm nan, gouvènman an dwe pwouve ke yo ka *depòte* w oswa ou *pa ka antre ni soti Etazini*. Se responsablite w pou w di jij la si w gen entansyon defann tèt ou kont depòtasyon an, pa egzanp si ou vle mande pou yo pa depòte w oswa si ou vle mande azil.

Enpòtan! Yo pa ka retire estati grinkat ou a san yo pa ba ou chans pou w defann ka w la nan tribinal imigrasyon.

Si w ap fè fas ak depòtasyon, pale ak yon avoka. Ou ka gen posibilite pou w defann tèt ou kont depòtasyon, lè ou mande:

- pou yo pa depòte w oswa*
- azil oswa lòt pwoteksyon imanité.

*Ou kalifye pou w mande pou yo pa depòte w sèlman si w ap viv Ozetazini depi omwen 7 an, ou gen grinkat ou a depi omwen 5 an, epi ou pa janm kondane pou yon "krim grav."